

DWA W GENYEN ANTAKE YON VIKTIM



Cherif Carmine Marceno

**14750 Six Mile Cypress Parkway
Fort Myers, FL 33912**

KADIJANS 911
Non-ijans (239) 477-1000
www.sheriffleefl.org

“Fyè pou n sèvi”

Biwo Cherif Konte Lee a se yon founisè ak anplwayè
ki bay aksè egal.

Nan mwa novanm 2018 la elektè yo te apwouve amannman 6, yo rele tou Iwa Marsy, ki te mete konstitisyon Florid la ajou avèk dwa ki amelyore pou viktim krim, fanmi yo ak reprezantan legal yo. Dwa sa yo enkli:

- 1. Jistis ak respè** – Dwa pou pwosedi ki etabli epi pou yo trete w avèk jistis ak respè pou diyite viktim nan.
- 2. Pwoteksyon kont entèferans** – Dwa pou pa viktim entimidasyon, asèlman ak abi.
- 3. Pwoteksyon kont defandè a** – Dwa, nan pwosesis jidisyè a, pou jwenn pwoteksyon ki rezonab kont moun ki akize a ak moun k ap aji nan non moun ki akize a.
- 4. Konsiderasyon pou sekirite viktim nan lè y ap fikse montan kosyon ak kondisyon pou liberasyon** – Dwa pou yo pran sekirite viktim nan ak fanmi viktim nan an konsiderasyon lè y ap fikse montan kosyon an ak kondisyon pou liberasyon pou defandè a.
- 5. Pwoteksyon enfòmasyon konfidansyèl** – Dwa pou anpeche divilgasyon enfòmasyon oswa dosye konfidansyèl yo te ka itilize pou lokalize oswa asele viktim nan oswa fanmi viktim nan oswa ki ta ka divilge enfòmasyon konfidansyèl oswa privilejye.
- 6. Avi pou viktim** – Dwa pou ajans ki apwopriye a fè tantativ rezonab pou avize viktim nan de pwosedi publik ki enplike konduit kriminèl ikonpri, men se pa sèlman sa, pwersè, agiman, kondanasyon oswa jijman epi pou prezante opinyon viktim nan nan tribinal la.
- 7. Retounen pwopriyete toutsuit** – Dwa pou yo retounen pwopriyete toutsuit lè yo pa bezwen yo kòm prèv ankò.
- 8. Restitisyon** – Dwa pou restitisyon konplè epi nan yon delè konvenab nan chak ka epi nan men chak ofansè ki kondane pou tout pèt viktim nan soufri ni dirèkteman ni endirèkteman akoz konduit kriminèl la.
- 9. Pwosè rapid ak konklizyon ka a nan yon delè ki rezonab** – Dwa pou yon pwosè rapid ak konklizyon final ka a ansanm ak nenpòt lòt pwosedi aprè jijman an ki gen rapò ak ka a nan yon delè ki rezonab.

10. Divilgasyon – Dwa pou resevwa yon apèsi alekri sou dwa w, ansanm ak notis ki fè konnen viktim yo ka chèche konsèy nan men yon avoka anrapò ak dwa yo. Viktim nan, avoka viktim nan, yon reprezantan legal viktim nan oswa biwo pwokirè leta a sou demann viktim nan ka afime epi chèche aplike dwa ki enimere nan seksyon sa a ak nepòt lòt dwa lalwa akòde yon viktim nan nepòt pwersè oswa kou dapèl, oswa devan nepòt otorite ki gen jiridiksyon sou ka a, kòm yon dwa. Tribunal la oswa nepòt otorite ki gen jiridiksyon dwe aji rapidman sou yon demann konsa, pou remedye avèk desizyon lajistis pou vyolasyon nepòt dwa.

Amannman 6 ofri viktim krim yo tou kèk dwa presi sou demann, ikonpri:

11. Avi ak konparisyon nan pwosedi biblik – Dwa pou resevwa avi rezonab, egzat epi nan delè konvenab, epi pou prezan nan tout pwosedi biblik ki enplike konduit kriminèl, ikonpri, men se pa sèlman sa, pwersè, agiman, kondanasyon oswa jijman, menmsi viktim nan pral yon temwen nan pwosedi a, malgre tout règ kontrè. Dwa tou pou notis rezonab, egzat epi nan yon delè rezonab konsènan nepòt liberasyon oswa evazyon defandè a.

12. Dwa pou pale nan pwosedi biblik – Dwa pou pale nan nepòt pwosedi biblik ki enplike liberasyon anvan pwersè oswa lòt liberasyon de nepòt fòm kontrent legal, agiman, kondanasyon, jijman oswa libète kondisyonèl, ak nepòt pwosedi kote dwa viktim nan enplike.

13. Konferans avèk biwo pwokirè a – Dwa pou gen yon antretyen avèk avoka pwokirè a konsènan nepòt antant pou pledwaye, patisipasyon nan pwogram detansyon preventif, liberasyon, restitisyon, kondanasyon oswa nepòt lòt dispozisyon ka a.

14. Deklarasyon viktim nan – Dwa pou bay moun ki responsab pou fè envestigasyon anvan kondanasyon an oswa k ap konpile nepòt rapò sou envestigasyon anvan kondanasyon an enfòmasyon konsènan efè konduit defandè a genyen su viktim nan ak fanmi viktim nan, epi pou yo konsidere enfòmasyon sa a nen nepòt rekòmandasyon pou kondanasyon yo soumèt nan tribunal la.

- 15. Resi rapò anvan kondanasyon** – Dwa pou resevwa yon kopi nenpòt rapò anvan kondanasyon, ak nenpòt lòt rapò ki konsène egzèsis dwa yon viktim, eksepte pou kèk pòsyon ki konfidansyèl oswa ki egzante daprè lalwa.
- 16. Enfòmasyon konsènan kondanasyon, santans, anprizonnman, liberasyon ak evazyon** – Dwa pou yo enfòme w sou kondanasyon, santans, jjman, kote ak lè anprizonnman oswa lòt dispozisyon ofansè ki kondane a, nenpòt dat yo pwograme pou libere ofansè a, oswa liberasyon oswa evazyon ofansè a nan detansyon.
- 17. Notis pou pwosedi libète kondisyonèl ak libète sou kondisyon**
– Dwa pou yo enfòme w konsènan tout pwosesis ak pwosedi aprè kondanasyon, pou patisipe nan pwosesis ak pwosedi sa yo, pou bay otorite ki anchaj liberasyon an enfòmasyon pou yo konsidere anvan yo pran nenpòt desizyon sou liberasyon, epi pou yo fè w konnen tout desizyon sou liberasyon konsènan ofansè a.
- 18. Opinyon sou liberasyon yon prizyonye** – Dwa pou bay otorite ki anchaj liberasyon an enfòmasyon pou yo konsidere anvan yo pran yon desizyon sou liberasyon epi pou yo fè w konnen desizyon yo pran anrapò ak liberasyon.
- 19. Klemans ak efasman** – Dwa pou yo enfòme w sou pwosedi klemans ak efasman, pou bay gouvènè a, tribunal la, nenpòt komite klemans ak lòt otorite nan pwosedi sa yo enfòmasyon, epi pou yo konsidere enfòmasyon sa a anvan yo pran yon desizyon sou klemans oswa efasman, epi pou yo fè w konnen desizyon sa a anvan liberasyon ofansè a.

Gen lòt dwa siplemantè lwa Florid yo garanti epi yo dekri anba a:

Ka ki konsène ofans seksyèl

- **Kondisyon pou egzamen avèk poligraf** – Dwa pou refize nenpòt demann pou viktim yon agresyon seksyèl jan sa defini nan lwa Florid yo Chapit 794 oswa lòt ofans seksyèl pou fè yon egzamen avèk poligraf oswa lòt aparèy ki detekte si w ap di laverite kòm yon kondisyon pou kòmanse envestigasyon ofans sa a.

- **Tès VIH** – Dwa pou mande yon moun yo chaje avèk nenpòt ofans ki enplike transmisyon likid òganik de yon moun a yon lòt, pou l fè tès epatit ak viris iminodefisyans imen (VIH).
- **Divilgasyon VIH** – Dwa pou mande epi pou konnen leplito sa posib si moun yo chaje avèk yon ofans te teste pozitif pou viris la.
- **Lavi prive** – Dwa pou mande pou yo vide sal odyans lan, avèk kèk eksepsyon, pandan yon viktим abi seksyèl ap bay temway-aj, kèlkanswa laj oswa kapasite mantal viktим nan.
- **Sipò pandan egzaminasyon** – Sou demann viktим nan, oswa paran viktим nan oswa reprezantan legal li, dwa pou mande pou defansè viktим ki soti nan yon sant pou kriz kadejak ki sètye kapab prezan pandan nenpòt egzamen mediko-legal.

Lòt dwa ki garanti

- **Asistans avèk kreditè** – Dwa pou mande asistans nan men lapolis ak biwo pwokirè a pou yo avize kreditè ak anplwayè yo konsènan difikilte finansye oswa absans akoz krim nan.
- **Sipò nan depozisyon** – Dwa pou genyen yon defansè viktим akonpaye viktим nan nan yon depozisyon. Viktим ki pa nan prizon pap oblige ale nan depozisyon pou dekouvèt nan okenn etablisman prizon.
- **Dwa prizonye yo** – Dwa pou viktим ki nan prizon pou yo enfòme epi pou yo kapab soumèt deklarasyon alekri nan tout etap krisyal sistèm jidisyè kriminèl ak jivenil lan.
- **Dwa civil** – Konfòmeman ak lwa federal ak politik Depatman Lajistis Ozetazini, li entèdi pou òganizasyon sa a fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, oriijin nasyonal, reliyion, sèks, laj, oswa andikap. Pou pote yon plent pou diskriminasyon, ekri Depatman Zafè Jiridik, Koòdonatè federal pou plent pou diskriminasyon an (*Florida Department of Legal Affairs, Federal Discrimination Complaint Coordinator*), PL-01, The Capitol, Tallahassee, Florida, 32399-1050, oswa rele 850-414-3300, oswa ekri Biwo Dwa Sivil, Ofis Pwogram Lajistis, Depatman Lajistis Ozetazini (*Office for Civil Rights, Office of Justice Programs, U.S. Department of Justice*), 810 7th Street NW,

Washington, DC 20531 oswa rele 202-307-0690 (Vwa) oswa 202-307-2027 (TDD/TTY) oswa <https://ojp.gov/above/ocr/complaint.htm>. Moun ki gen difikilte pou tande oswa ki gen difikilte pou pale ka kontakte OCR tou atravè sèvis relè federal nan 800-877-8339 (TTY), 877-877-8982 (Pawòl), oswa 800-845-6136 (Panyòl).

Enfòmasyon sou asistans pou viktim

Pou anpil moun, lè yo se yon viktим oswa yon temwen yon krim se premye eksperyans yo fè avèk sistèm jistis kriminèl la. Yon defansè viktим disponib 24 sou 24 pou ede viktим yo avèk twomatis emosyonèl, fizik ak finansye akoz yon krim. Tanpri kontakte defansè nou yo pandan lè biznis nòmal yo pou enfòmasyon ak sipò si asistans imedyat pa nesesè.

Yon defansè viktим ka bay plis enfòmasyon sou dwa w genyen ansanm ak asistans, ikonpri men se pa sèlman sa, konsèy pou entèvansyon kriz; enfòmasyon ak rekòmandasyon; sipò emosyonèl; koòdonasyon avèk lapolis oswa ofisyel lapolis; akonpayman pou al nan tribinal; suivi avèk konsèy pwofesyonèl; asistans pou retounen pwopriyete; asistans avèk konpansasyon pou viktим; enfòmasyon sou wòl ou nan sistèm jistis la; asistans pou ranpli fòm pou pwoteksyon kont vyolans; lokalize mwayen transpò ak estasyonnan ki aksesib; ak tantativ pou lokalize tradiktè si sa nesesè.

Nan kèk ka, viktим yo ak fanmi yon viktим ki mouri ka elijib pou konpansasyon finansye nan men leta Florida. Moun biwo pwokirè jeneral la (Office of the Attorney General) detèmine ki elijib ka resevwa asistans avèk depans mediak/dantè, depans pou antèman, pèt salè, lajan pou demenajman pou viktим vyolans familyal, ak konsèy pou sante mantal. Rele biwo pwokirè jeneral la nan (850) 414-1331 oswa (800) 226-6667 pou plis enfòmasyon.

Notifikasyon viktим

Ofisyel ki te fè arrestasyon an oswa founisè sèvis pou yon viktим omisid, atanta asasina, ofans seksyèl, assèlman oswa vyolans familyal dwe mande pou viktим nan oswa fanmi viktим nan ranpli yon kat notifikasyon viktим; sepandan, viktим nan oswa fanmi viktим nan ka chwazi pou pa ranpli kat la notifikasyon viktим nan.

Yon lòt opsyon pou notifikasyon se VINELink, ki se yon sèvis telefonik gratis, anonim epi otomatik ki ofri viktим krim ak publik la de karakteristik enpòtan: enfòmasyon ak notifikasyon sou yon deteni oswa yon prizonye. Rele (877) VINE-4-FL (1-877-846-3435) pou enfòmasyon siplemantè.

Etap nan sistèm jistis kriminèl la

- 1. Arrestasyon** – Yo mennen moun yo sispèk (yo) nan prizon, yo fè anprent dijital yo epi yo fè foto yo. Gen kèk yo libere toutsuit oswa ki oblige vèse yon kosyon pou garanti y ap vini nan tribunal la lè yo sipoze parèt.
- 2. Premye konparisyon** – Sa rive nan espas 24 èdtan aprè yon arrestasyon. Chak sispèk yo kenbe nan prizon dwe parèt devan yon jij ki etabli si wi ou non chaj yo rezonab. Jij la pral konsidere tou si wi ou non moun nan dwe vèse yon kosyon epi konbyen kosyon an dwe ye. Anplis de sa, jij la pral konsidere kondisyon pou liberasyon epi nome yon avoka defans si sispèk la paka peye yon avoka.
- 3. Prezantasyon chaj fòmèl** – Biwo pwokirè leta a pral prezante chaj fòmèl nan yon espas 21 jou aprè l fin egzamine rapò lapolis la.
- 4. Lekti akizasyon** – Yo chaje moun yo akize a fòmèlman epi li pledwaye koupab, pa koupab oswa li pa konteste chaj la.
- 5. Preparasyon pwosè a** – Pwokirè a ak avoka defans lan entèvyoure temwen yo epi yo echanje prèv. Si defandè a renonse a dwa li genyen pou yon pwosè epi li pledwaye li koupab oswa li pa konteste chaj la, biwo pwokirè a souvan konn ofri yon chaj ki redui oswa li ka retire kèk nan chaj adisyonèl yo.
- 6. Pledwari** – Defandè a pledwaye li koupab oswa li pa konteste chaj yo san yon pwosè, oswa yo abandone chaj yo. Biwo pwokirè leta a ka detèmine yon ka pa solid ase oswa temwen yo pa disponib. Yo ka fè yon pwosè kote yon jij oswa jire deside si moun nan koupab oswa li inosan aprè yo fin tandé agiman yo.
- 7. Kondanasyon** – Si yo twouve defandè a koupab, jij la egzamine direktiv pou kondanasyon an epi li detèmine ki santans defandè a ta dwe resevwa.

Vyolans familyal

Vyolans familyal se yon krim. Lwa leta Florid la 741.28 defini vyolans familyal kòm nenpòt agresyon, agresyon grav, kou ak blesi, kou ak blesi grav, agresyon seksyèl, blesi seksyèl, asèlman, asèlman grav, kidnaping, anprizonnman ilegal oswa nenpòt ofans kriminèl ki lakoz blesi fizik oswa lanmò yon manm fanmi oswa moun ki abite nan menm kay kote se moun ki abite oswa ki te abite nan menm kay la ki lakoz sa.

Si yon manm fanmi w oswa yon moun ki abite nan menm kay avèk ou ap abize w fizikman oswa seksyèlman, yo menase oswa asele w, genyen yon lwa ki la pou pwoteje w. "Fanmi oswa manm ki abite nan menm kay" siyifi konjwen, ansyen konjwen, moun ki fanmi nan san oswa akoz maryaj, moun ki abite ansanm, oswa ki te abite ansanm antanke fanmi, ak moun ki gen ptit ansanm kit yo te marye ou non oswa yo te abite ansanm nenpòt lè.

SI W SE VIKTIM VYOLANS FAMILYAL, oswa si w gen koz rezonab pou kwè ou an danje iminan pou vin viktim nenpòt zak vyolans familyal, ou ka mande biwo pwokirè leta a pou l depoze yon plent kriminèl. Ou genyen dwa tou pou ale nan tribunal epi depoze yon petisyon pou mande yon enjonksyon pou pwoteksyon kont vyolans familyal ki ka enkli, men ki dwe limite a dispozisyon ki anpeche agresè a kontinye fè abi sou ou; bay lòd pou agresè a kite kay la; anpeche agresè a retounen lakay ou, nan lekòl ou, nan biznis ou oswa nan kote w ap travay; pou ba w chaj timoun ou ki minè; epi òdone agresè a pou l peye pansyon alimantè pou timoun ou ki minè si agresè a gen obligasyon legal pou l fè sa.

Grefye tribunal la gen obligasyon pou l ede w pou jwenn ni enjonksyon pou pwoteksyon kont vyolans familyal ni aplikasyon pou vyolasyon yon enjonksyon. Okenn nan pati yo pa oblige gen yon avoka reprezante yo, epi ou pap peye anyen pou yon enjonksyon pou pwoteksyon kont vyolans familyal.

Pou jwenn yon enjonksyon, ale nan grefye tribunal sikonskripsyon nan tribunal konte Lee a epi pote avèk ou idantifikasyon, enfòmasyon konsènan kote yo ka jwenn agresè a, nenpòt lòt enfòmasyon sou agresè a, tankou foto oswa idantifikasyon, ak nenpòt pyès oswa dokiman ki gen rapò ak ka w la.

Fè grefye a konnen ou enterese nan fè yon enjonksyon pou pwoteksyon kont vyolans familyal. Grefye tribunal la pral ede w ranpli fòm ki apwopriye yo. Lè w ranpli fòm sa yo, se esplikasyon w ap bay jij k ap ba w pwoteksyon an ak egzakteman ki kalite pwoteksyon ou bezwen.

Ansuit yon jij pral egzamine demann ou an epi li pral swa akòde demann lan swa refize l. Si l akòde w demann lan, ou pral resevwa yon enjonksyon tanporè ansanm ak yon dat pou parèt devan jij la nan tribunal. Agresè a dwe resevwa enjonksyon an anvan li vin anvigè.

Ou dwe vini nan odyans lan, otreman jij la nòmalman pral mete fen nan enjonksyon an.

Aprè odyans lan, yo ka akòde yon enjonksyon final. Enjonksyon final la valab jiskaske l tèmine oswa tribunal la modifye l.

Ankake agresè a vyole lòd la ou dwe kontakte biwo cherif konte Lee a pou asistans. Si yo paka fè yon arrestasyon tousuit ou ka depoze yon afidavit pou yon lòd pou montre koz avèk grefye tribunal sikonskripsyon an, nan tribunal konte Lee a. Yo pral voye afidavit la bay otorite ki apwopriye a.

Si w genyen yon lòd tribunal ki soti andeyò leta Florid la pou pwoteksyon kont vyolans familyal, lwa federal ak leta mande pou lapolis rekonèt sa epi aji an konsekans kòmsi se yon tribunal nan Florid ki te bay lòd la. Sa enkli lòd tribunal bay ki soti nan Distri Kolombi, tribi endyen, teritwa commonwealth oswa posesyon Etazini.

Ka ki enplike minè yo

- **Arestasyon minè** – Yon minè yo arete epi chaje pou yon deli oswa yon krim ki pa vyolan yo ka lage l imedyatman sou gad paran l (yo) oswa gadyen legal li yo. Minè yo chaje pou krim ki pi grav yo ka ale nan yon odyans anvan detansyon nan yon espas 24 èdtan pou yo ka fikse kondisyon pou liberasyon l. Ou gen dwa pou prezante nan odyans sa yo. Ou ka kontakte Sant Detansyon pou Minè (*Lee County Juvenile Detention Center*) nan (239) 332-6727 konsènan odyans lan. Kontakte ajans lapolis k ap jere ka w la oswa biwo pwokirè leta a pou plis enfòmasyon konsènan pwoedi jistis pou minè yo.
- **Pwoteksyon minè** – Viktim ki minè yo gen dwa pou mande pou ofansè a ale nan yon lòt lekòl olye de lekòl viktим nan oswa frè ak sè viktим nan nan kèk sikonstans.
- **Dosye ka minè** – Viktim nan oswa fanmi yon viktим omisid gen obligasyon selon Iwa Florid 960 pou yo pa divilge okenn enfòmasyon nan yon ka ki enplike yon minè. Eksepsyon nan Iwa sa a se si li nesesè nan pouosit rekou legal.

Pou jwenn enfòmasyon sou stati yon sispèk ki nan prizon

- **Opsyon pa telefòn** – Rele prizon LCSO (*LCSO Corrections*) nan (239) 477-1500 pou aprann si yo te libere defandè a oswa si yo pwograme yon odyans pou kosyon oswa lekti chaj yo.
- **Opsyon sou entènèt** – Stati defandè a disponib sou entènèt tou nan www.sheriffleefl.org. Sou paj akèy la, klike sou onglè “chèche arrestasyon (*Arrest Search*)” epi mete non ak dat nesans defandè a.

Repètwa sèvis yo

Kadijans.....	911
Biwo Cherif Konte Lee (<i>LCSO</i>).....	(239) 477-1000
Init defansè viktim LCSO (<i>Victim's Advocate Unit</i>)..	(239) 258-3280
Sant evalyasyon minè (<i>Juvenile Assessment Center</i>)	(239) 334-5100
Init omisid/agresyon (<i>Homicide/Assault Unit</i>).....	(239) 477-1050
Krim kont pwopriyete (<i>Crimes Against Property</i>).....	(239) 477-1000
Konpansasyon viktim (<i>Victim Compensation</i>).....	(800) 226-6667
Liy asistans nasyonal pou vyolans familyal (<i>National Domestic Violence Hotline</i>).....	(800) 799-7233
Abri pou moun k ap resevwa konsèy ak tretman pou abi (<i>Abuse Counseling and Treatment Shelter</i>).....	(239) 939-3112
Biwo pwokirè leta (<i>State Attorney's Office</i>).....	(239) 533-1000
Rejis abi nan Florid (<i>Florida Abuse Registry</i>).....	(800) 96ABUSE oswa (800) 962-2873
Vyolans familyal nan konte Lee (lòd pou pwoteksyon) (<i>Lee County Domestic Violence</i> (protection orders)).....	(239) 533-2884

Resous sou entènèt

Ou ka jwenn sèvis siplémentè nan www.sheriffleefl.org, ikonpri:

- **Fason pou fè yon rapò lapolis** – Klike sou onglè “Bureaus & Departments” sou paj dakèy la epi ale nan paj pou “Victim’s Advocate”. Ou pral jwenn tou “Marsy’s Law”ansanm ak lòt bwochi ki pale sou sijè presi ann anglè ak panyòl.
- **Fason pou tyeke stati yon defandè** – Klike sou onglè “Arrest Search” sou paj dakèy la epi mete non ak dat nesans defandè a.



Enfòmasyon sou ka w la

Ofans / Tip plent

Nimewo plent

Dat ensidan an

Non ofisyé a

Nimewo ID

Nimewo kontak pou fè suivi